



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 45 MILYON DOLA YO BAY POU KREYE 227 INITE LOJMAN SIPÒ PÈMANAN NAN ETA NEW YORK

Finansman Eta pou kreye lojman sipò pèmanan nan Konte Erie, Tompkins, Oneida, St. Lawrence ak Kings

Pwojè yo enkli finansman pou lojman ak sèvis sipò sou plas pou ede sivivan vyolans domestik ki te sanzabri, jèn ki aje nan swen adoptif, ak moun k ap viv ak maladi mantal grav ak/oswa pwoblèm itilizasyon dwòg ak fanmi yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te bay 45 milyon dola pou sis pwojè atravè Eta New York ki pral kreye 227 inite lojman sipò pèmanan nan konte Erie, Tompkins, Oneida, St. Lawrence, ak Kings pou fanmi ak moun ki te fè eksperyans sanzabri yo.

"Kreye nouvo lojman pèmanan sipò se yon eleman santral nan travay administrasyon mwen an pou redui sitiasyon sanzabri atravè Eta New York, pandan y ap sipòte katye solid atravè eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè yo fini, pwojè sa yo pral bay Nouyòkè vilnerab yo yon kote ki abòdab pou yo rele lakay yo ki ansekirite ak sèvis yo bezwen pou viv an sekirite ak siksè nan kominote yo."

Sibvansyon yo — ki akòde atravè yon pwosesis konpetitif atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo Asistans Tanporè ak Moun Andikape a (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) — se yon eleman enpòtan nan Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta New York, ki gen ladan 10,000 kay avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo. Sis pwojè yo akòde finansman yo pral bay lojman ak sèvis sipò sou plas pou fanmi ak moun ki te fè eksperyans sanzabri, ki gen ladan sivivan vyolans domestik, jèn ki aje soti nan swen adoptif, adolesan ansent/paran, ak moun k ap viv ak maladi mantal grav ak/oswa ki gen pwoblèm itilizasyon dwòg ak fanmi yo.

Avèk dènye prim sa yo, HHAP te angaje plis pase 95 milyon dola nan 128 milyon dola a nan finansman yo te bay nan bidjè Ane fiskal 2025 la. Pwojè ki te resevwa finansman yo se:

- **Standing Together Effectively for People by Standing Together Effectively for People (S.T.E.P. by S.T.E.P.)** - 9.7 milyon dola pou devlope 42 inite lojman

sipò pèmanan nan Ogdensburg. Pwojè sa a, Knox Street - Building 2, pral gen ladan nouvo konstriksyon yon bilding twa etaj, ak ekipman tankou Wi-Fi gratis, yon sal lesiv, zòn komen pataje, sal reyinyon ak biwo pou anplwaye pwogram yo. S.T.E.P. by S.T.E.P. pral bay sèvis sipò yo.

- **Steuben Churchpeople Against Poverty, Inc. d/b/a. Arbor Housing Development** - 4.2 milyon dola pou devlope 20 inite lojman sipò pèmanan nan Ithaca. Sa fè pati yon pi gwo pwojè, Apatman Statel yo pwopoze a genyen de nouvo konstriksyon yon bilding ki gen plizyè etaj ki gen enstalasyon lesiv, sal kominotè, jaden, ak espas komèsyal. Catholic Charities of Tompkins/Tioga pral bay sèvis sipò yo.
- **DePaul Properties, Inc.** - 7.3 milyon dola pou devlope 39 inite lojman sipò pèmanan nan Utica. Columbia Square Apartments pwopoze nouvo konstriksyon de gwo bilding apatman adjasan ki sitiye nan menm blòk vil la. Ekipman yo pral gen ladan sal lesiv santral, jesyon pwopriyete sou plas, yon chanm kominotè, depo rezidan nan inite a, yon lakou eksteryè santral, Wi-Fi gratis, ak pakin bò lari a. DePaul Community Services, Inc. pral bay sèvis sipò yo.
- **Brownsville Partnership, Inc.** - 12 milyon dola pou devlope 81 inite lojman sipò pèmanan nan Brooklyn. Pwojè sa a, 372 Livonia, pwopoze nouvo konstriksyon yon bilding 11 etaj ak espas kominotè, ki gen ladan yon kwizin chofan, ansanm ak yon chanm polivalan ak espas deyò. SCO Family of Services pral bay sèvis sipò yo.
- **Rehabilitation Support Services, Inc. (RSS)** - 8.5 milyon dola pou devlope The Meadows of Seneca, ki pral kreye 25 inite lojman sipò pèmanan nan Ithaca. Aplikasyon sa a pwopoze nouvo konstriksyon yon bilding kat etaj ki pral genyen yon sal pou fè egzèsis, enstalasyon lesiv, ak sal kominotè. Sèvis sipò yo pral bay prensipalman pa RSS, ak lòt sèvis espesyalize ki ofri sou plas pa The Advocacy Center of Tompkins County pou sivivan vyolans domestik yo.
- **DePaul Properties, Inc.** - 3.3 milyon dola pou devlope Pan American Square Apartments, ki pral kreye 20 inite lojman sipò pèmanan nan Buffalo. DePaul Community Services, Inc. pral bay sèvis sipò yo.

Komisè Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Enfimite, Barbara C. Guinn te deklare, "Angajman solid Gouvènè Hochul pou elaji opsyon lojman sipò atravè eta a pèmèt Nouyòkè vilnerab yo kraze sik sanzabri yo epi bati ak kenbe lavi ki estab. Investisman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri nan pwojè sa yo pral bay yon lojman ki estab ki nesèsè anpil ak sèvis sipò esansyèl pou moun ak fanmi ki soufri oswa ki gen risk pou yo sanzabri atravè Eta New York, ki gen ladann granmoun aje ki frajil, jèn ki pa nan swen adoptif, ak sivivan vyolans domestik yo."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Investisman 45 milyon dola jodi a pa patnè nou yo nan OTDA pral bay 227 fanmi sekirite ak diyite pou yo gen yon kabann ak yon do kay sou tèt yo, ak sèvis sipò ki disponib pou ede rezidan yo grandi ak pwospere, ki gen ladan 40 ki devlope avèk asistans HCR. Sa pral ede fanmi ki nan bezwen yo reyalize estabilite pou ane k ap vini

yo epi li se yon egzant konsantrasyon Gouvènè Hochul sou mete fen nan sanzabri ak ensekirite lojman nan kreye kay ki abòdab, ki bay sipò atravè Eta a."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Lojman Sipò jwe yon wòl entegral nan efò nou pou asire Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal gen sipò yo ka konte pou yo rete san danje nan anviwònman endepandan nan kominote a. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri ap bay kapital enpòtan pou pwojè ki pral kreye nouvo inite lojman espesyalize pou sipòte moun ak fanmi k ap viv ak maladi mantal."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Depatman Sante a angaje l pou li anbrase pwogram ak sèvis ki adrese pwoblèm sante tankou pwoblèm itilizasyon sibstans ak vyolans domestik pou moun ak fanmi ki fè fas ak sanzabri. Nou rekonèt lojman kòm yon detèminan sosyal enpòtan nan sante epi kidonk yon priyorite sante piblik. Lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul pral ede asire aksè ak lojman ki estab, abòdab, ak sipò pou tout Nouyòkè vilnerab yo."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Sa a se yon efò enpòtan ki pral fè yon diferans pou Nouyòkè ki nan bezwen lè li ede yo jwenn lojman an sekirite ak pi bon sèvis aksè pou adiksyon ak lòt bezwen swen sante. Pwojè lojman tankou sa a se yon pati enpòtan nan sèvis yo ofri pou moun ki afekte nan adiksyon ak fanmi yo, epi nou fyè pou n kontinye fè patenarya ak ajans sè nou yo pou sipòte vizyon Gouvènè Hochul pou elaji sèvis sa yo atravè Eta New York epi ede tout Nouyòkè viv yon vi ki pi an sante."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap priyoreze investisman nan pwojè ki asire yon bon kalite lavi pou rezidan ki pi vilnerab nou yo pandan y ap fè nou avanse pi pre pou atenn rediksyon emisyon nou yo. Lè yo fini, pwojè lojman sipò modèn sa yo pral rakonte istwa ki jan mezi efikasite enèji ka diminye itilizasyon enèji pandan y ap bay rezidan yo atravè eta a aksè ak espas ki modèn, ki abòdab, epi ki an sante."

Direktè Egzekitif S.T.E.P by S.T.E.P., Inc. David Bayne, te deklare, "Pwojè sa a ofri aksè dirèk ak sèvis sipò esansyèl pou rezidan ki pi vilnerab yo nan Konte St. Lawrence k ap fè eksperyans sanzabri lè yo bay lojman ki an sekirite ak abòdab ki nesèsè anpil nan yon efò pou ede yo reyalize epi kenbe lavi ki estab nan kominote a. Nou rekonesan pou Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri OTDA a ak angajman fèm eta a pran pou elaji rezèv lojman sipò pèmanan pou Nouyòkè vilnerab yo, ak S.T.E.P. pa S.T.E.P. gen onè pou li resevwa kontra sa a pou Konte St. Lawrence."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Arbor Housing and Development, Susan Bull, te deklare, "Nou kontan dèske nou jwenn finansman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri sa a pou Stately Apartments, yon pwojè ki se yon efò kolaborasyon ak Visum Development Group. Fon HHAP yo pral rann li posib pou pote nouvo lojman sipò abòdab epi ki nesèsè anpil nan anba lavil Ithaca."

Prezidan DePaul Properties, Inc., Mark Fuller, te deklare, "Sipò Gouvènè Hochul, Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape, ak lòt patnè kominotè ak finansman nou yo entegral nan asire finisman Columbia Square Apartments nan Konte Oneida ak Pan-American Square nan Konte Erie. DePaul espere kontinye ogmante popilasyon vilnerab yo atravè Eta New York, bay estabilite lojman ki nesèsè pou moun yo viv avèk diyite ak sipò."

Anita Luckett, Direktris Egzekitif Brownsville Partnership, Inc., te deklare, "Men nan men ak kominote nou an ak patnè depi lontan an, SCO Family of Services, Brownsville Partnership gen pou l transfòme yon vil ki vid nan Brownsville, NY, an lojman sipò pou jèn ki te ansyen sanzabri ak jèn adilt ki aje yo ki nan swen adoptif. Avèk finansman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri New York la, 372 Livonia pral bay 81 kay kote fanmi jèn adilt yo ka pwospere epi bati avni solid pandan y ap vin adilt."

Direktè Egzekitif Rehabilitation Support Services, Inc., William Devita, te deklare, "Rehabilitation Support Services, Inc. remèsye Gouvènè Hochul ak Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Enfimite an nan Eta New York la paske yo te pwomouvwa opsyon lojman ki bay sipò ki an sekirite, abòdab, pèmanan nan Eta New York. Finansman enpòtan sa a pral sipòte devlopman yon kominote solid ak ekilibre ak adisyon 25 apatman sipò pèmanan nan yon devlopman pi gwo ki gen 70 inite nan Southern Tier."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)